KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI
REPUBLIK INDONESIA
2023

# Potlot lan Setip

## Pensil dan Penghapus



Penulis: Bernadete Laksmi Widiastuti
Ilustrator: Lintang A. Bahtera

B2



KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI
REPUBLIK INDONESIA
2023



# Potlot lan Setip

Pensil dan Penghapus

Penulis: Bernadete Laksmi Widiastuti
Ilustrator: Lintang Agis Bahtera
Penerjemah : Bernadete Laksmi Widiastuti

**Hak cipta pada Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi Republik Indonesia.**

Dilindungi undang-undang.

Penafian: Buku ini disiapkan oleh pemerintah dalam rangka pemenuhan kebutuhan buku pendidikan yang bermutu, murah, dan merata sesuai dengan amanat dalam UU Nomor 3 Tahun 2017. Buku ini diterjemahkan dan ditelaah oleh berbagai pihak di bawah koordinasi Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi. Buku ini merupakan dokumen hidup yang senantiasa diperbaiki, diperbarui, dan dimutakhirkan sesuai dengan dinamika kebutuhan dan perubahan zaman. Masukan dari berbagai kalangan yang dialamatkan kepada penulis atau melalui alamat posel balaibahasadiy@kemdikbud.go.id diharapkan dapat meningkatkan kualitas buku ini.

**POTLOT LAN SETIP**
**PENSIL DAN PENGHAPUS**

Penulis : Bernadete Laksmi Widiastuti
Ilustrator : Lintang Agis Bahtera
Penerjemah : Bernadete Laksmi Widiastuti
Penyunting : Sri Sabakti
Penata Letak : Arif Rianto

**Penerbit**
Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi

Dikeluarkan oleh
Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta
Jalan I Dewa Nyoman Oka 34, Yogyakarta
https://balaibahasadiy.kemdikbud.go.id

Cetakan pertama, 2023
ISBN 978-623-194-963-9 (PDF)

Isi·buku ini menggunakan huruf Arial,Andika New Basic,
ii,28hlm: 21 x 29.7 cm.

# Kepala Balai Menyapa

Hai, pembaca yang budiman.

Kami mempersembahkan buku-buku cerita bernuansa lokal Daerah Istimewa Yogyakarta. Pembaca dapat menikmati cerita dan ilustrasi yang menarik di dalamnya.

Buku-buku cerita ini disajikan dalam dua bahasa, yaitu bahasa Jawa dan bahasa Indonesia. Semoga buku ini menumbuhkan minat membaca dan semangat melestarikan bahasa daerah serta menginternasionalkan bahasa Indonesia.

Selamat membaca!
Kepala Balai Bahasa Provinsi DIY

Dwi Pratiwi





“Aku paling bagus dhewe,” kandhane potlot biru sora.
Dheweke potlot anyar kang dipajang ing toko alat tulis Malioboro
Potlot-potlot anyar padha bungah. Mengkono uga si potlot biru.
Dheweke rumangsa praupane apik lan narik ati.

“Aku yang paling ganteng,” teriak pensil biru.
Dia adalah pensil baru di toko alat tulis Malioboro.
Para pensil baru senang hatinya. Begitu juga dengan si pensil biru.
Dia merasa wajahnya tampan dan menarik hati.



Potlot lawas bongkote duweni setip cilik bunder.
Potlot anyar ora duwe setip, nanging praupane warna-warni
“Aku ora perlu setip  kang gawe awakku reged,” sumbare potlot biru.
Potlot liyane sedhih.

Pensil lama mempunyai penghapus di kepalanya. Pensil baru tidak mempunyai penghapus, tetapi tubuhnya berwarna warni.
“Aku tak perlu penghapus yang membuat tubuhku kotor,” teriak pensil biru sombong.
Pensil lain menjadi sedih.



Sore iki akeh bocah golek alat tulis.
Sesuk esuk dina sepisanan bocah-bocah mlebu sekolah.
Potlot-potlot padha seneng merga bakal dituku.

Sore ini banyak anak mencari alat tulis.
Besok pagi adalah hari pertama anak-anak masuk sekolah.
Para pensil senang karena akan terjual.



Potlot-potlot mesem kanggo milut wong kang bakal tuku.
“Aku paling anyar lan apik,” potlot biru umuk.
“Aku sing paling sampurna,” wangsulane potlot polos.
“Kulitku biru lan kuning emas. Bocah-bocah bakal seneng karo warnaku,” wangsulane potlot biru.
“Aku duwe setip neng sirahku,” potlot lawas polos ora gelem kalah.
Wusana kabeh padha padudon rame.

Para pensil tersenyum untuk menarik hati pembeli.
“Aku paling baru dan tampan,” pensil biru sombong.
“Aku yang paling sempurna,” jawab pensil polos.
“Kulitku biru dan kuning emas. Anak-anak akan senang dengan warnaku,” jawab pensil biru.
“Aku punya karet penghapus di kepalaku,” pensil lama polos tidak mau kalah.
Akhirnya semua bersih tegang ramai.



Ana bocah wadon cilik mlebu toko karo ibune.
Bocah kuwi jenenge Dewi.
Dewi butuh potlot kanggo alat tulis neng sekolah.
Dewi kesengsem karo potlot biru. Dheweke banjur matur karo ibune.
“Bu, kula remen potlot biru niki!”
“Ya, Ndhuk. Gage matur karo pelayan tokone”

Ada anak perempuan kecil masuk toko bersama ibunya.
Anak itu bernama Dewi.
Dewi membutuhkan pensil sebagai alat tulis di sekolah.
Dewi ternyata menyukai pensil biru,
Ia lalu berkata kepada ibunya,
“Bu, saya menyukai pensil biru ini!”
“Ya Ndhuk segera beritahu kepada pelayan toko!”



"Pak, kula tumbas potlot biru niki."
"Oh, iya Ndhuk. Potlot biru iki anyar."
Bapak sing duweni toko nerangake marang Dewi..
"Ndhuk, iki bonus kanggo kowe."
Bapak ing kasir ngulungake setip cilik kanggo Dewi.
"Setip iki bakal migunani kanggomu."
"Oh, matur nuwun, Pak!"

"Pak saya mau membeli pensil biru ini."
"Oh, ya, Ndhuk, pensil biru ini baru."
Bapak pemilik toko itu menjelaskan kepada Dewi.
"Ndhuk, ini bonus untukmu!"
Bapak di kasir memberikan penghapus kecil kepada Dewi.
"Penghapus ini akan berguna untuk mu!"
"Oh, terima kasih, Pak."



Sawise mbayar potlot lan nampa bonus, Dewi bali.
Tekan omah potlot dilebokake dusgrip.
Nanging setip cilik bonus mung dilebokake tas.
Dewi selak kepingin mlebu sekolah.
Ora let suwe Dewi turu.

Setelah membayar pensil dan menerima bonus, Dewi pulang.
Sampai di rumah pensil dimasukkan ke kotak pensil, sedangkan penghapus kecil hanya dimasukkan tas.
Dewi ingin segera masuk sekolah.
Dewi segera tidur.



Nalika turu Dewi ngimpi.
Dheweke ngimpi bisa ngomong karo potlote
“Halo, Dewi. Aku seneng melu kowe.”
“Hai, Biru. Sesuk ngrewangi aku nulis, ya!”
“Siap. Aku potlot paling apik ing Ngayogyakarta.”
“Hahaha....mula kowe takwadhahi dusgripku iki.”
“Aku ora bakal salah nek dinggo nulis.”wangsulane potlot biru.
“Aku percaya. Kowe potlot biru sing hebat.”

Di dalam tidurnya Dewi bermimpi.
Ia bermimpi bisa berbicara dengan pensilnya.
“Halo, Dewi, aku senang ikut kamu.”
“Hai, biru. Besok bantu aku menulis, ya!”
“Siap. Aku pensil terbaik di Yogyakarta.”
“Hahaha... makanya kamu kusimpan dalam kotak pensilku ini.”
“Aku tak akan melakukan kesalahan jika dipakai menulis.” jawab pensil biru.
“Aku percaya. Kamu pensil biru yang hebat.”



Dina Senen ya-iku dina sepisanan bocah-bocah SD mlebu sekolah.
Dewi sekolah ing SD Unggulan,Yogyakarta.
Ing SD Unggulan para siswa wis padha pinter nulis.
Tulisan tangane apik-apik lan rapi.
SD Unggulan kawentar merga pelajaran nulis alus.

Hari Senin merupakan hari pertama anak-anak SD masuk sekolah.
Dewi bersekolah di SD Unggulan Yogyakarta.
Di SD Unggulan, para siswa sudah pandai menulis.
Tulisan tangan mereka bagus dan rapi.
SD Unggulan terkenal karena pelajaran menulis halus.



Dina Senen ana pelajaran nulis alus.
Pelajaran nulis alus kuwi latihan nulis kanggo siswa SD.
Pelajaran nulis alus, ya-iku nulis huruf tegak.
Huruf mau ditulis nyambung siji lan sijine.
Kertas tulise jenenge buku utawa kertas kandel alus.

Hari Senin ada pelajaran menulis halus.
Pelajaran menulis halus adalah latihan menulis bagi siswa SD.
Pelajaran menulis halus, yaitu menulis huruf tegak.
Huruf satu dengan huruf lainnya ditulis saling menyambung.
Kertas tulisnya disebut kertas bergaris tebal tipis.



Bu guru ngendika marang para siswa gunane nulis alus, ya-iku tulisane bakal tumata endah.
Nanging ana sing paling disenengi para siswa, ya-iku sing tulisane rapi bakal entuk hadhiah saka bu guru.

Bu guru memberitahu kepada siswa tentang manfaat menulis halus, menulis halus membuat tulisan tertata rapi).
Hal yang paling disukai siswa adalah ketika bu guru akan memberikan hadiah. Hadiah diberikan untuk siswa yang tulisannya rapi.



Dewi wis ora sabar arep nulis. Dheweke banjur ngetokake potlot saka dusgrip.
“Haloo Dewi,” pangucape potlot biru gawe kaget.
“Hah, kowe... kowe bisa omong kaya ing impenku?”
“Iya, nanging mung awake dhewe sing bisa omongan.”
Dewi bungah banget bisa omongan karo potlot biru.
“Yuk, ewangi aku nulis kandel alus.”
“Beres, Wi! Aku potlot kang paling hebat.”

Dewi sudah tidak sabar untuk menulis.
Ia kemudian mengeluarkan pensil dari kotak pensil.
“Halo, Dewi,” kata pensil biru mengagetkan.
“Hah, kamu... kamu bisa bicara seperti dalam mimpiku.”
“Iya, tetapi cuma kita berdua yang bisa berbicara.”
Dewi senang sekali bisa berbicara dengan pensil biru.
“Bantu aku menulis tebal tipis (yuk!)”
“Beres, Dewi! Aku adalah pensil yang paling hebat.”



Potlot biru rumangsa hebat dhewe.
Dewi lan potlot biru semangat banget anggone nulis alus.
Dewi kepingin entuk hadhiah saka bu guru.
Dewi nulis kanthi cepet.
Ora krasa tulisane akeh sing ngluwihi garis.
Dewi kaget.
Sawetara jam pelajaran nulis alus wis meh rampung.

Pensil biru merasa dirinya paling hebat.
Dewi dan pensil biru sangat bersemangat menulis.
Dewi ingin mendapat hadiah dari bu guru.
Dewi menulis dengan cepat.
Tak terasa tulisan Dewi banyak yang melewati garis.
Dewi kaget.
Sementara itu, jam pelajaran menulis halus sudah hampir selesai.



Dewi bingung kudu mbusak nganggo apa?
"Wadhuh!" kandhane potlot biru.
Potlot biru uga bingung.
Dheweke ora duwe setip ing awake.
Potlot biru nangis.
Dheweke ora ngerti kudu kepriye.

Dewi teringat pesan bapak pemilik toko bahwa akan membutuhkan penghapus kecil tersebut.
"Hai, Dewi. Aku Sisi, penghapus kecilmu."
"Hah, kamu juga bisa bicara seperti pensil biruku?"
"Iya aku siap membantumu," kata penghapus kecil.



“Coretanku kudu gage dibusak!”
“Piye carane?” wangsulane Dewi.
Dewi banjur kelingan menawa duwe setip cilik bonus.
“Aku duwe setip cilik sing tak selehake jeron tas.”
Setip cilik banjur dijupuk Dewi.

“Coretanku harus segera dihapus!”
“Bagaimana caranya?” jawab Dewi
Dewi lalu teringat kalau dia mempunyai penghapus kecil bonus.
“Aku punya penghapus kecil yang kusimpan di dalam tas.
Karet penghapus kecil lalu diambil Dewi.



Dewi kelingan pesene bapak kang duwe took menawa dheweke
bakal butuh setip cilik kuwi.
“Hai, Dewi. Aku Sisi, setip cilikmu.”
“Hah, kowe, ya, bisa omong kaya potlot biruku?”
“Iya, aku siap ngewangi kowe,” kandhane setip cilik.
Setip cilik banjur dianggo mbusak coretan kang salah.

Dewi teringat pesan bapak pemilik toko bahwa ia akan membutuhkan penghapus kecil tersebut.
“Hai, Dewi. Aku Sisi, penghapus kecilmu.”
“Hah, kamu juga bisa bicara seperti pensil biruku?”
“Iya aku siap membantumu,” kata penghapus kecil.
Penghapus kecil lalu digunakan untuk menghapus coretan yang salah.



Setip ngleksanani tugase kanthi becik, ya-iku mbusak kabeh coretan.
Jam pelajaran nulis alus wis rampung.
Tulisane Dewi kang kapilih dadi tulisan paling rapi.
Bu guru maringi hadhiah buku tulis, potlot, lan setip.
Dewi seneng banget atine.

Penghapus itu melaksanakan tugas dengan baik, ia menghapus semua coretan.
Jam pelajaran menulis halus sudah selesai.
Tulisan Dewi terpilih sebagai tulisan yang paling rapi.
Bu guru lalu memberi hadiah buku, pensil, dan penghapus.
Dewi senang sekali.



Bu guru remen amarga Dewi tulisane rapi.
Dewi matur nuwun marang Bu Guru.
Bu guru banjur paring pitutur. “Dewi, sesuk meneh potlot lan setip aja dipisah, ya.”
“Inggih, Bu Guru. Samenika kula simpen sedaya ing dusgrip.”
“Nah, bener. Menawa butuh nyetip Dewi ora bingung meneh,” pesene bu guru.
“Inggih, Bu Guru. Matur nuwun.”

Bu guru senang karena tulisan Dewi rapi.
Dewi berterima kasih kepada bu guru.
Bu guru lalu memberi nasehat (nasihat), “Dewi, lain kali pensil dan penghapus jangan dipisah, ya!”
“Baik, Bu Guru, sekarang keduanya saya simpan di kotak pensil.”
“Nah betul. Jika perlu untuk menghapus, Dewi tidak bingung lagi,” pesan bu, guru.
“Baik, Bu Guru. Terima kasih.”



Saiki jam istirahat, Dewi isih ana jero kelas.
"Aku jaluk ngapura, ya , Si," kandhane si potlot biru.
"Iya, ora papa. Aku seneng saiki bisa bareng karo kowe." wangsulane setip cilik.
"Iya, tanpa setip pranyata potlot kurang migunani. Matur nuwun Sisi."
"Biru lan Sisi saiki tak wadhahi bareng, ya, neng dusgrip-ku." kandhane Dewi.
"Matur nuwun Dewi. Aku ora kijenan meneh," kandhane Sisi.
"Menawa lung-tinulung awake dhewe bakal migunani," munine Dewi.

Sekarang jam istirahat, Dewi masih ada di dalam kelas.
"Aku minta maaf  ya, Si," kata pensil biru.
"Iya tidak apa-apa. Aku senang sekarang kita bisa bersama," jawab penghapus.
"Iya, tanpa penghapus ternyata pensil kurang bermanfaat. Terima kasih Sisi."
"Biru dan Sisi, sekarang kalian berdua kumasukkan dalam kotak pensil ku," kata Dewi.
Terima kasih Dewi. Aku tidak sendirian lagi," kata Sisi.
"Jika saling menolong, kita akan bermanfaat," kata Dewi.



# Biodata



**Bernadete Laksmi Widiastuti.**
Bernadete Laksmi Widiastuti adalah guru Bahasa Inggris di SD Budya Wacana Yogyakarta. Beralamat di Perumahan Purwomartani Baru, Kalasan, DIY.



**Lintang Agis Bahtera**
Lintang Agis Bahtera, berangkat dari portrait ilustrator kini mulai menekuni dunia buku anak dari tahun 2020. Aktif dibeberapa platform luar salah satunya Fiverr. Instagram @im.littlestar



**Sri Sabakti**
Sri Sabakti dilahirkan di Sragen, Jawa Tengah. Sejak 1998 hingga pertengahan tahun 2020, ia menjadi PNS di Balai Bahasa Provinsi Riau. Pada bulan Juli 2020, ia kemudian pindah ke Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta hingga saat ini.
Keterlibatan dalam dunia sastra, di antaranya ia telah menulis buku bacaan untuk anak dengan judul Kisah Burung Udang dan Ikan Toman (2017) dan 21 Cerita Rakyat Bumi Lancang Kuning (2010). Selain itu, ia juga membuat karya tulis yang dimuat di beberapa jurnal dan surat kabar.
Dalam dunia penyuntingan, Sri Sabakti beberapa kali dilibatkan dalam tim penyuntingan di Balai Bahasa DIY. Ia dilibatkan untuk menyunting karya sastra hasil sayembara yang dilaksanakan oleh Balai Bahasa DIY, khususnya cerita anak, baik yang berbahasa Jawa maupun berbahasa Indonesia (2021—2023).





MILIK NEGARA
TIDAK DIPERDAGANGKAN

Ada dua jenis pensil yang dijual di toko alat tulis Malioboro. Dua jenis pensil itu bersaing untuk menarik pembeli. Pensil Biru merasa dirinya adalah pensil terbaik. Sore ini Dewi dan Ibu membeli alat tulis. Dewi membeli Pensil Biru. Namun, Dewi menemukan masalah ketika menulis dengan Pensil Biru. Apa yang terjadi?

ISBN 978-623-194-963-9 (PDF)



KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI
REPUBLIK INDONESIA
2023